



Pou Piblikasyon Imedya: 16/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE FINISMAN YON PWOJÈ DEVLOPMAN LOJMAN KI NAN PRI ABÒDAB KI KOUTE 29 MILYON DOLA NAN KONTE MONROE

The Gardens nan Penfield Square bay 114 Apatman bon mache epi ki gen konsomasyon enèji ki fèb ak sèvis sipò pou granmoun yo

Investisman an ap Konplete Inisyativ "Finger Lakes Forward" lan – ki se Estrateji Global Rejyon an pou Revitalize Kominote yo ak Devlope Ekonomi an

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a, achèvmman yon pwojè devlopman lojman nan pri abòdab ki koute 29 milyon dola pou granmoun yo nan vil Penfield nan Konte Monroe. The Gardens nan Penfield Square genyen 114 apatman nan pri abòdab avèk 45 apatman yo mete sou kote pou fanmi ki nan bezwen swen sipò pou viv nan fason endepandan. Bò kote devlopman an gen yon espas vè piblik k ap akeyi evènman espesyal ak yon mache agrikòl.

"Twò souvan, yo fòse granmoun vilnerab nou yo viv nan kondisyon ki pa sekirize oswa yo chaje yo lwaye ki pa abòdab," **Gouvènè Kathy Hochul te deklare.** "Avèk investisman enpòtan sa, n ap ede 114 fanmi nan Konte Monroe atenn sekirite lojman nan yon kay bon kalite ki bay kalite sèvis sipò pou vrèman reponn ak bezwen sante ak byennèt yo."

The Gardens at Penfield Square se abòdab pou fanmi ki ap touche 60 pousan nan Revni Mwayen Zòn (Area Median Income, AMI) lan oswa pi piti ke sa. Pami 114 apatman yo, 45 rezève pou moun k ap gen aksè nan sèvis sipò Episcopal SeniorLife Communities (ESLC) bay yo. Sèvis sipò yo, ansanm ak sibvansyon lwaye pou kèk rezidan, jwenn finansman atravè Inisyativ Lojman Sipò Empire State (Empire State Supportive Housing Initiative) Gouvènè a epi ki administre pa Depatman Sante (Department of Health) Eta New York.

Sèvis rezidansyèl ESLC yo enkli kowòdinasyon swen endividyèl, devlopman yon Plan vyeyisman an sante, depistaj sante mantal, sèvis sante adomisil, transpò, repa nan pri ki gen rabè ak sipò pou acha pwovizyon, planifikasyon repa ak preparasyon repa.

Anplis bilding rezidansyèl la, pwojè a kreye tou yon espas vè piblik pou evènman kominotè tankou ti konsè lokal, mache agrikòl, ak rodeo kamyon alimantè. Rezidan yo gen aksè nan jaden kominotè, pwomnad ak santye pou bisiklèt, ak paking gratis.

Ekipman batiman pou rezidan yo enkli yon sal kominotè, lakou deyò, sant fitnès, estasyon pou benyen chen, ak enstalasyon pou lesiv. Chak apatman gen yon balkon oswa patio prive.

The Gardens nan Penfield Square te reponn ak enstriksyon konsepsyon ki gen konsomasyon enèji ki fèw pou reyalize sètifikasyon pwogram Nouvo Konstriksyon ki pa Wo (Low-Rise New Construction) Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA). Fonksyonalite konsepsyon ak konsomasyon ki fèb la enkli aparèy ki gen etikèt Energy Star, ekleraj LED, chofaj ak è kondisyone, ensilasyon, ak aparèy plonbri ki fè ekonomi dlo, ansanm ak pwodui ki gen emisyon ki fèw pou penti, adezif ak mastik.

Devlopman an sitiye nan 200 YMCA Way, bò Lès etablisman YMCA a, ki ofri yon orè pwogramasyon konplè pou granmoun yo. Sit la toupre gwo sèvis komèsyal, acha, ak kabinè medikal tou. Se Home Leasing k ap devlope pwojè a.

Finansman Eta enkli 4.8 milyon dola obligasyon pèmanan ki gen egzanpsyon fiskal; Kredi enpo federal sou Lojman ki jenere 7.9 milyon dola nan fon pwòp; ak apeprè 14.2 milyon dola nan sibvansyon ki soti nan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York (New York State Homes and Community Renewal). NYSERDA te bay 88,400 dola sipò.

Penfield Square se yon pati nan Plan Lojman san presedan, senk ane eta a pou 20 milya dola, pou rann lojman aksesib ak pou konbat sanzabri gras ak konstriksyon oswa prezèvasyon plis pase 100,000 lojman abòdab ak 6,000 lojman ki gen sèvis sipò. Depi 2011, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominotè Eta New York la te investi plis pase 591 milyon dola nan Konte Monroe, ki te kreye oswa prezève plis pase 6,200 lojman abòdab.

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè HCR la, te deklare, "The Gardens nan Penfield Square fè pati efò nou pou reponn ak bezwen ijan pou plis kay ki nan pri abòdab ak sipò pou granmoun nan kominote atravè eta a. Lèn granmoun yo ka vyeyi nan tout sekirite sou plas, diyite ak endepandans yo rete entak pandan l ap amelyore rezilta sante epi diminye depans medikal yo. Avèk 114 kay ki gen konsomasyon enèji ki ba ak espas vè ki aksesib pou piblik la, nouvo devlopman 29 milyon dola sa ap benefisye tout kominote Penfield la epi fè Finger Lakes vanse pou pi devan."

Komisè Egzekitif Adjwen Enterimè Depatman Sante a, Kristin Proud te deklare, "Lojman ki a pri ki abòdab, ki sekirize ak sipò esansyèl pou sante granmoun nou yo. The Gardens nan Penfield Square ekipe pou bay rezidan li yo sèvis ak sipò yo bezwen pou viv lavi ki konplè epi endepandan nan yon anviwònman ki sekirize epi nan pri ki abòdab ki bay espas vè tou ak enstalasyon pou amelyore kalite lavi rezidan ak manm kominote yo."

Doreen M. Harris, Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral NYSERDA, te deklare, "Sipò NYSERDA pou the Gardens nan Penfield Square bay plis lojman nan pri ki abòdab pou rezidan ki gen revni ki fèb nan Konte Monroe ki antre pratik ak ekipman ki konsome mwens enèji. Ak chak ouvèti pwojè ki ekolojik epi ki sen tankou sa, n ap avanse vè objektif eta a pou diminye emisyon gaz efè sèr ki danjere pandan n ap asire ke tout Nouyòkè benefisye de investisman nan enèji pwòp."

Direktè Egzekitif Jeneral Home Leasing, Bret Garwood, te deklare, "The Gardens nan Penfield Square pote 114 apatman ki tèlman nesèsè pou granmoun yo nan Penfield. Mèsi a patnè nou yo, Episcopal SeniorLife Communities, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York, Vil Penfield ak anpil lòt ki te ede rann kominote sa posib."

Chèf Egzekitif Konte Monroe a Adam Bello te deklare, "Opsyon lojman nan pri ki abòdab pou granmoun nou yo vital pou lonjevite ak endepandans yo—se sa k fè 114 apatman nan the Gardens nan Penfield Square la yon bèl bagay ki ajoute nan kominote nou an. Kay sekirize, ki pa konsome enèji yo se sèlman kèk etap oswa yon kout trajè nan enstalasyon ki tèlman nesèsè. Mwen pa gen dout ke rezidan Konte Monroe yo ap kontan rele etablisman sa 'lakay yo.'"

Sipèvizè Vil, Anthony LaFountain, te deklare, "Penfield Square se premye pwojè pwopriyete zòn devlopman izaj miks nan vil la sou koridò Rt. 250 lan. Nou enpasyan pou yo vin yon sant ekselans pou kominote nou an ak rezidan yo."

Senatè Eta a, Samra Brouk te deklare, "Nou kontinye travay nan nivo eta a pou asire ke kominote nou yo gen opsyon lojman ki bay sipò nan tout nivo revni, e mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li priyorize finisyon pwojè sa nan Gardens at Penfield Square. Espas sa ap loje plis pase yon santèn apatman pou granmoun k ap viv ak ti revni, epi pozisyon estratejik li ap pèmèt rezidan li yo gen aksè nan enstalasyon lokal yo. N ap chèche nouvo opòtinite pou bay lojman nan pri ki abòdab pou popilasyon New York k ap vyeyi a."

Manm Asanble Jennifer Lunsford te deklare, "The Gardens nan Penfield Square se yon bagay ki ajoute ki tèlman nesèsè epi ki akeyi nan kominote nou an. Soti nan inite lojman ba pri rive nan bilding ki gen konsomasyon enèji ki fèb ak espas vè anplennè plizyè izaj pou tout vwazen yo itilize. Sèvis sou plas pou rezidan granmoun yo ak pwoksimite nan kote lès pwogram YMCA yo ap ede konble yon bezwen enpòtan nan kominote nou an tou. Nou fyè pou sipòte devlopman enpòtan sa k ap sèvi tout rezidan nou yo ki gen bezwen ki varye epi favorize bilding kominotè nan yon fason ki rantab epi ki efikas sou plan enèji."

Akselerasyon pwogram Finger Lakes Forward

Anons jodi a vin konplete pwogram "Finger Lakes Forward", ki se plan konplè rejyon an pou jenere kwasans ekonomik djanm ak devlopman kominotè. Plan ki fèt sou plan rejyonal la konsantre sou envesti nan endistri kle, sa enkli fotonik, agrikilti ak

pwodiksyon manje, ak manifakti avanse. Kounye a, rejyon an ap akselere Finger Lakes Forward gras ak yon investisman 500 milyon dola Eta a ap fè nan kad Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a. Investisman 500 milyon dola Eta a pral ensite biznis prive yo investi plis pase 2.5 milya dola – epi plan rejyon an, jan yo soumèt li a, prevwa jiska 8,200 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)